

BAB V PANUTUP

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar dina bab saméméhna ngeunaan struktur tékstual dina naskah Biantara Riksa Budaya Sunda 2022, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Tina hasil panalungtikan, kapaluruh aya 32 data ngeunaan topik, téma, jeung judul dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022, aya 55 data ngeunaan pola mekarkeun topik dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022, jeung aya 160 data ngeunaan struktur téks dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.

Tina 32 data topik, téma, jeung judul dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022, sakabéh data téh kabagi jadi 6 topik, téma, jeung judul, di antarana 10 topik miara lingkungan, 2 topik peran basa, 8 topik fénoména basa Sunda, 6 topik karakter nonoman Sunda, 5 topik ngamumulé basa Indung, jeung 1 topik bahaya narkotika.

Dumasar kana 55 data ngeunaan pola mekarkeun topik dina naskah biantara, éta sakabéh data téh kabagi kana 5 pola, di antarana nyaéta 1) pola mekarkeun topik bagan *B-K-P* (*Bihari, Kiwari, Pingburi*) aya 5 data, 2) pola mekarkeun topik bagan *DAM-D* (*duduk pasualan, alesan, misil, jeung duduk pasualan*) aya 16 data, 3) pola mekarkeun topik bagan *PM Hatta* (*perhatian, minat, hasrat, tindakan*) aya 15 data, 4) pola mekarkeun topik bagan *5W+1H* (*what, who, when, where, why, how*) aya 13 data, jeung 5) pola mekarkeun topik bagan *B-EU-P* (*bubuka, eusi, panutup*) aya 6 data.

Ditilik tina hasil analisis, data ngeunaan struktur téks biantara téh aya 160 data nu kabagi kana 32 data salam bubuka, 32 data bubuka, 32 data eusi, 32 data panutup, jeung 32 data salam panutup. Sakabéh data struktur téks dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022 geus saluyu kana struktur téks biantara ti mimiti salam bubuka nepi ka salam panutup.

5.2 Implikasi

Sabada nganalisis struktur tékstual dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022, hasil panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran jeung ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan pola mekarkeun topik jeung struktur téks biantara kalawan hadé. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu ngeunaan pola mekarkeun topik dina nyusun naskah biantara sangkan poko-poko pikiran dina naskah biantara teu méngpar nalika ditepikeun ka pamiarsa. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh dina nyusun naskah biantara, sangkan naskah biantara nu disusun téh saluyu kana strukturna.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun. Kahiji, ieu panalungtikan medar ngeunaan struktur tékstual dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan struktur tékstual dina naskah biantara nu dipatalikeun jeung pangajaran.

Kadua, sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan téh mangrupa wacana tinulis nyaéta naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022 anu medar ngeunaan struktur tékstual. Ku kituna, dipiharep aya nu bisa nalungtik dina wacana lisan anu lumangsung dina kahirupan sapopoé.